

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis carita pondok ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* ka Siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016, bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 57,92 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina nuliskeun eusi carpon, ngamekarkeun imajinasina kurang kuat, tokoh jeung penokohana teu aya, plot/galur digambarkeunna kurang jelas, hubungan antar padalisan teu kagambar, mékanikna sering kajadian salah éjahan, jeung gaya tulisanna matak teu ngirut ati.
- 2) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* kawilang mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 85,00 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa mampuh dina nuliskeun eusi carpon, ngamekarkeun imajinasina kalayan kuat, tokoh jeung penokohana aya, plot/galur digambarkeunna jelas, hubungan antar padalisan kagambar kalawan hadé, mékanikna kadang-kadang aya kasalahan éjaan tapi teu ngarobah ma`nana, jeung gaya tulisanna matak ngirut ati.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*. Ieu hal, katitén dina hasil *pre-test* jeung *post-test* siswa dumasar kana hasil $t_{itung} (19,34) > t_{tabel} (2,49)$. Ku kituna, dicindekkeun yén modél pangajaran *Examples non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Examples non Examples* dilarapkeun dina pangajaran nulis carita pondok pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél pangajaran *Examples non Examples* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Dina prosés diajarna ngaliwatan média gambar, ieu hal salah sahiji alesan pikeun siswa diajar mikir kritis, diajar maham jeung nganalisis konsép, wani ngébrehkeun naon-naon anu aya dina pikiranna, kréatif, jeung mantuan siswa ngageuing imajinasi dina diajar ogé suasana diajarna teu matak bosén jeung monoton.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *Examples non Examples* pikeun Ngaronjatkeun Nulis Carita Pondok siswa Kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Examples non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Guru kudu bisa ngahudang karep siswa ku cara leuwih variatif dina ngagunakeun modél pangajaran, salah sahijina ku cara ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.
- 3) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega.